



Pou Piblikasyon Imedya: 02/04/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOMINASYON NAN ADMINISTRASYON LI AN

Gouvènè Cuomo jodia te anonse nèf nominasyon nan administrasyon li a, bati ekip dezyèm manda a pou enplemante ajanda fonsè li a.

“Talan ak konpetans moun sa yo pral valab pou efò kontinyèl administrasyon nou an pou fè New York ale delavan,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Ane eksperyans ak angajman nan domèn respektif yo pral ede nou kontinye pou asire egalite ak opòtinite pou tout Nouyòkè yo, e mwen akeyi yo nan ekip la.”

Catherine Leahy Scott te jwenn nonimasyon kòm Enspektè Jeneral Fwod nan Konpansasyon pou Travayè, yon pozisyon li pral okipe anplis de wòl li kòm Enspektè Jeneral Sèvis Sosyal ak Enspektè Jeneral Eta New York, pa twò lontan de sa li te renome nan pozisyon sa. Anvansa li te travay kòm Premye Enspektè Jeneral Adjwen, li te kontwole operasyon biwo a, sipèvizè ak jere chaj travay ajans lan, epi reprezante biwo a devan Komisyon Eta sou Syans Medsin Legal. Anvan wòl sa, li te travay kòm Pwokirè Jeneral Adjwen pou Eta New York e li te pase senkan nan pratik lwa kòm yon pratisyen endividyèl nan Konte Columbia. Li te travay tou pandan plis pase trèzan nan Biwo Pwokirè nan Konte Columbia, kote pandan uitan li te Premye Sibstiti Pwokirè a. Anvansa, li te Asistan Defansè Piblik nan Konte Columbia. Madam. Leahy Scott Li gen yon Bakaloreya nan Fordham University ak yon doktora nan Hofstra University School of Law.

Vincent Bradley te jwenn nominasyon kòm Prezidan nan New York State Liquor Authority. Mesye. Bradley anvansa te sèvi kòm Pwokirè Jeneral Adjwen anchaj nan Biwo Rejyonal Poughkeepsie nan Biwo Pwokirè Rejyonal Eta New York, jere tout operasyon yo nan biwo rejyonal la. Anvan wòl sa a, li te Avoka Envestigatif Prensipal pou Labor Racketeering/Endistri Konstriksyon Strike Force pou Biwo Avoka Distri Konte New York e, anvansa, kòm Asistan Avoka Distri pou Biwo Special Narcotics pwosekitè pou Vil New York. Li te travay nan sektè prive a pou yon kantite ane ansanm avèk Tribinal Siprèm Eta New York, Divizyon Apèl, 3^{yèm} Depatman. Mesye. Bradley gen yon Bakaloreya nan Administrasyon Biznis Kontabilite nan Inivèsite Notre Dame ak yon Doktora nan State University New York nan Buffalo School of Law. Nonimasyon sa yo egzije apwobasyon sena.

Jeffrey Pearlman te jwenn nominasyon kòm chèf kabinè ak Avoka pou Gouvènè Adjwen Kathy Hochul. Mesye. Pearlman anvansa te travay kòm Chèf Kabinè Lidè Minorite Sena Andrea Stewart-Cousins ak Konferans Demokratik Sena Eta. Anvan li te travay pou Sena, li te sèvi kòm Avoka nan Gouvènman an ak Pratik Litij nan Greenberg Traurig LLP, yon kabinè avoka entènasyonal milti pratik. Anvansa, li te kenbe plizyè pozisyon nan gouvènman eta, enkli Chanm Egzekitif Eta New York kòm Avoka Asistan pou ansyen Gouvènè David A. Paterson, Avoka pou Gouvènè Adjwen Eta New York, ak plizyè kapasite nan Sena ak Asanble Eta New York. Mesye. Pearlman gen yon Bakaloreya nan State University of New York nan New Paltz ak yon Doktora nan Albany Law School of Union University.

Mark Wade te jwenn nominasyon kòm Direktè Egzekitif Komisyon Konpansasyon pou Travayè. Anvansa, Mesye. Wade te sèvi kòm Vis Prezidan Egzekitif Prensipal & Ofisye Anchèf Reklamasyon nan Arch Insurance Group, kote li te dirije tout inisyativ stratejik ak operasyonèl yo pou yon pòtfèy reklamasyon \$5 milya nan pwopriyete, domaj, responsabilite komèsyal ak asirans spesyalite antrepriz asirans, antrepriz pwofesyonèl ak enstitisyon finansye. Anvan wòl sa a, li te Vis Prezidan Reklamasyon Espesyal pou Zurich North America ak Asistan Vis Prezidan pou March USA. Mesye. Wade gen yon Bakaloreya nan Georgetown University ak yon Doktora nan University of Pittsburgh Law School.

Charles Fields te jwenn nominasyon kòm Sekretè Adjwen Eta pou Biznis ak Lisans. Anvansa, Mesye. Fields te sèvi kòm yon Konsiltan Strateji Egzekitif nan Celgene Corporation, yon konpayi byoteknoloji ki piblikman fè komès ki santre sou pwochen teknoloji ak kapasite biznis. Anvan wòl sa, li te Direktè Internal Consulting & Strategy Formulation nan Avaya, Lidè Angajman Biznis Kontinwite Planifikasyon– Contract Assignment nan Goldman Sachs, ak Pwojè Manadjè nan Market Research nan PGXHEALTH. Mesye. Fields gen yon Bakaloreya nan Boston University ak yon Metriz nan Columbia Business School.

Robyn Adair te jwenn nominasyon kòm Avoka Spesyal pou Etik, Risk ak Konfòmite pou Depatman Konsèvasyon Anviwonman. Madam. Adair anvansa te sèvi kòm Avoka Adjwen nan Biwo Avoka Jeneral pou Depatman Sèvis Piblik nan Eta New York, kote li te negosye ak elabore antant règleman penalite avèk sèvis piblik yo epi travay avèk anplwaye ajans lan pou envestige sou ensidan gaz natirèl nan New York. Anvan pozisyon sa a, li te travay kòm Avoka Spesyal nan Komisyon Moreland sou Repons ak Preparasyon Tanpèt Sèvis Piblik, sa Gouvènè Cuomo te konvoke pou envestige repons sèvis piblik apre pasaj gwo tanpèt Sandy. Li te travay oparavan kòm avoka ranfòsman pou Biwo Pwoteksyon Piblik ak Biwo Dlo nan Biwo Avoka Jeneral pou Depatman Konsèvasyon Anviwonman Eta e li te kòmanse karyè l nan Biwo Avoka Distri Konte Rensselaer. Madam. Adair gen yon Bakaloreya nan Rensselaer Polytechnic Institute ak yon Doktora nan Albany Law School of Union University.

Justin Levin te jwenn nominasyon kòm Avoka Spesyal pou Etik, Risk ak Konfòmite pou Depatman Sante. Mesye. Levin anvansa te travay kòm Avoka Adjwen Espesyal e, anvan, kòm Avokal FOIL pou Gouvènè Andrew Cuomo. Li te Adjwen Pwokirè Jeneral

nan Biwo Litij Divizyon Pwokirè Eta pou Biwo Pwokirè Jeneral New York. Li te kòmanse karyè li nan travay pou Tribinal Apèl New York, kòm yon krefye epi abouti kòm Avoka Prinsipal nan Tribinal la. Mesye. Levin gen yon Bakaloreya nan Saint John Fisher College ak yon Doktora nan Albany Law School of Union University.

Lindsey Boylan te jwenn nominasyon kòm Vis Prezidan Devlopman Biznis pou Empire State Development. Madam. Boylan anvansa te sèvi kòm Vis Prezidan nan Strateji Kliyan Finansman Minisipalite yo nan RBC Capital Markets kote li te kontwòle tout mak pwomosyon ak strateji kliyan pou Gwoup Finans Konpayi Minisipal. Li te okipe yon kantite fonksyon avèk Antrepriz Bryant Park, 34th Street Patenarya ak Konpayi Chelsea Improvement, pou l abouti kòm Direktè Afè Biznis. Li te egalman yon Manadjè Pwojè pou Alex Garvin & Associates, Inc., Planifikasyon ak Konsepsyon, yon konpayi non-pwofi konsèvatè. Madam. Boyland gen yon Bakaloreya nan Wellesley College ak yon Metriz nan Columbia University.

Saadia Chaudhry te jwenn nominasyon kòm Direktè Eksperyans Kliyan pou Chanm Egzekitif. Nan wòl sa a, li pral ede kondwi yon varyete pwojè wo priyorite pou amelyore sèvis kliyan pou sitwayen an biznis yo. Anvansa, li te okipe yon kantite pozisyon nan Sant Kontak 311 Vil New York, pi resaman kòm Direktè Strateji Kliyan, sipèvizè tout aspè yo nan eksperyans kliyan ak kalite nan platfòm multi-chanel, e, anvansa, kòm Direktè Sant Kontak ak Direktè Fòmasyon & Kalite. Madam. Chaudhry gen yon Bakaloreya nan Binghamton University.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418